

Her kommer

# Brum-Brum

Lars Rudebjer


Cappelen
ISBN 82-02-12301-1
9 788202 123017


Her kommer Brum-Brum

Кхузахь вохуш ву TSJETSJENSK

# Брум –Брум



Lars Rudebjer



Брум-Брум хьо мичахьа ву?





Хьо берийн беша ваха везаш хилар диццина ткъа ахьа?
Хьо-м хьайн керла тептараш гайта дезаш

ма вара тахана. Сихо е х1инца, ткъа хьайн куй биц ма бе!



Ва Брум-Брум, х1ара куй дукха боккха ма бу хьуна -





- тъкъа х1ара куй дукха жима бац хьуна?



Мегар ду, Брум Брум, *х1ара* бу-кх хьан куй!
Сихо е х1инца, ткъа хьайн тептараш чохь долу рюкзак
йиц ма е.





Х1ан-х1а. Х1ан-х1а, х1ара рюкзак дукха еза ю.



Ткъа х1ара рюкзак дукха йай ю. Кху чу тептараш дахка меттиг а ма яц.





Мегар ду, Брум Брум, *х1ара* ю хьан рюкзак!
Х1инца ваха мегар ду хьо берийн беше. Амма машен т1ехь г1о, хьо хьелуш ву х1инца.



Х1ара машен яц иза, х1ара дукха лекха ю хуна.





Ткъа х1ара дукха лоха ю хьуна.



Мегар ду, Брум Брум, *х1ара* ю хьан машен. Сихо е х1инца!





Чехка хахка!



Кхиа чехка хахка!





Вай, вай, вай, дукха чехка хехкира ахьа. Амма х1инца кхача везачу кхечна хьо.



Ва Брум Брум, хьайн г1ант сина хилар дицдина ахьа?

Х1ара г1ант ц1ен ма ду.





Тхъа х1ара г1ант баьццара ма ду, х1ара хьан г1ант ма дац.



Мегар ду , Брум Брум, *т1еххьаре а* кари хьуна хьайн сина г1ант.





Амма мичахьа ду хьан керла тептараш ткъа?
Г1анта к1елахь-м дац техьа уьш? Х1ан-х1а, дац.



Г1анта *чохь-м* дац техьа уьш ткъа. Х1ан-х1а, цигахь а дац.
ьуна х1ун хета ткъа, ц1ахь-м ца
дицдина техьа ахьа уьш.





Сихо е, ц1а г1о, цигахьа лаха деза ахьа уьш. Цхьанхьа-м хила ма деза уьш.



1орш ма ду уьш, рюкзак чохь! Ва Брум-Брум, муха дицдина ахьа иза?
егар ду, кхана гойтур ду
(ьа хьайн хаза тептараш. Х1инца охьа вуьжа хан ю, мухха делахь а.





Х1ан-х1а, хьо вижа магац оцу маьнги т1ехь, иза дукха к1еда бу хьуна.



Ткъа х1ара маьнга дукха ч1ог1а бу хьуна.





Амма х1ара маьнга хьуна бича санна бу.
Буьйса декъал хуьлда хьан, Брум-Брум, дика наб е хьайна!
Кхана гур ду вай!